Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 16 (9976) 19 апрель 2024 с. / Рузман 11 шаввал 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

# Поздравления

## Уважаемые работники органов местного самоуправления, депутаты и ветераны муниципальной службы!




Муниципальная власть-самая близкая к населению, а потому на работниках и специалистах лежит серьезная ответственность-должным образом обеспечивать нужды населения в самых различных сферах жизни.

Высокая и почётная миссия-быть причастным и ответственным за решение вопросов непосредственного обеспечения жизнедеятельности населения муниципалитета.

Местное самоуправление-это не только муниципальные служащие и депутаты. Это наши жители, ветераны отрасли, все, кому небезразлична судьба нашего района, кто готов приложить все усилия для его процветания и разделить ответственность за его будущее. Вместе нам удалось делать немало хороших дел. Нам есть чем гордиться, но и есть что улучшать!

Дорогие друзья! Поздравляем вас с нашим общим праздником! Желаем всем вам крепкого здоровья, энергии, добра и новых успехов во всех начинаниях.

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев*
*Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов*

## Уважаемые депутаты, главы сёл и сотрудники органов местного самоуправления!

От всей души поздравляю вас с профессиональным праздником – Днём местного самоуправления!

Сегодня институт местного самоуправления – это важная составляющая нашего государства, призванная решать самые насущные и социально значимые вопросы.

Именно к местной власти, народным избранникам обращаются люди со своими насущными проблемами, трудностями и заботами.

Каждый день вам приходится решать множество различных задач в разных сферах жизнедеятельности. Их успешная реализация зависит не только от профессионализма и ответственности сотрудников органов местного самоуправления, но и от умения сообща работать.

Желаю каждому из вас крепкого здоровья, уважения со стороны коллег и населения, терпения и мудрости, любви и счастья, теплого очага и семейного уюта, мира и добра!

*Депутат НС РД М.Д. Умаханов*

## ХIурматиял махщел цадахъал гьалмагъзаби!

БакIалъул нухмалъи ккола бокьараб демократиялъулаб жамгIияталъул кьучIлъун. БакIалъе нухмалъиялъул бажариялда, махщалида ва хIалтIудехун бугеб бербалагьиялда бараблъун букIуна бакIалъул социалиябгун экономикияб рахъал церетIей, гьелъул жавабкьеялде ккола гIадамазе яшавалъе лъикIал шартIал чIезари.

Гьарула нужее цоцалъ рекъей, мурадал тIурай, сахлъи, рохел, хъизаналъулаб талихI ва гьарулел ишазулъ даимаб битIккей.

*ЖамгIияб палатаялъул председатель И.Б. Салимханов*
*Харабазул Советалъул председатель С.Э.НургIалиев*
*Рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Х.ГI. МухIамадхIабибов*

# Активалъул данделъиялда…

17 апрелалда районалъул администрациялда тIобитIана активалъул иргадулаб данделъи. Районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана гьесул заместителал, управлениябазе нухмалъулел, отделазул начальникал, учреждениябазулгун органиациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

Активалъул хал гьабиялде росарал КIиабилеб суалалда хурхараб кIалъаялда архитектураялъулгун бакIал раялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальник ХIамзат ХIадаевас бицана росабазул ришни-къул баялъе рихьизарурал бакIазда бугеб ахIвал-хIалалъул, гьеб къватIаздеги ихтияр кьечIелъубеги балеб букIиналъул ва гьенир гIемерал гIунгутIаби рукIиналъул.

Гьесул кIалъаялда тIасан ХI. Мусаевас



суалазул аслияллъун рукIана районалъул лъайкьеялъул гIуцIабазда 1-4 классазул цIалдохъабазе чIобого ва лъикIаб качествоялъул квен-тIех чIезабиялда, районалда ришни-къул балел бакIазда хадуб халкквеялда, районалъул бетIерасул тIадкъаял тIуразариялъулъ гIадлу-низам цIуниялда, налогазул налъаби рецIиялда хурхарал суалал.

Данделъиялъул байбихьиялда районалъул бетIерас жиндирго заместительлъун вукIарав ва хIалхьиялде арав З. Н. Эмеевасе, гIемерал соназ ракIбацIцIад гьабураб хIалтIухъ баркалаги загьир гьабун, *«Районалъул социалиябгун экономикияб рахъал цебетIезабиялъулъ лъураб бутIаялъухъ»* абураб медаль кьуна.

ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъай гьабизе цеве вахъана районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель И.И. Шабазов. Гьес, гIатIид гьабун ва рагIа-ракьанде щун, гьениб бицана районалъул лъайкьеялъул гIуцIабазда байбихьул классазул (1-4 кл.) цIалдохъабазе квен-тIех чIезабиялъул, гьеб хIадуриялъе хIалтIизарулел къагIидабазулгун кванил нигIматазул, гьезул хал гьабиялъе чIезарун ругел шартIазул, квание хIажатал нигIматал хIадур гьариялъулгун гьел цIуниялъул, гьенир дандчIвалел захIмалъабазул, ругел гIунгутIабазул ва цере чIарал масъалабазул. Гьесул пикруялда рекъон, цIалдохъабазе квен-тIех чIезабиялъулъ гIунгутIаби руго-ниги, гьелъие гьоркьохъеб къимат кьезе бегьулеб буго.

Гьес гьабураб кIалъаялда хурхун, ХI. Мусаевас абуна гьеб суалалъул хадусан хал гьабиялъулъ Роспотребнадзоралъул вакилзаби гIахьал гьаруни лъикIаб букIининги гьенир дандчIвалел гIунгутIаби, хехаб къагIидаялда, тIагIинаризе хIаракат бахъизе ккolинги.

Гьесул кIалъаялда тIасан ХI. Мусаевас абуна: *«Дица лъазабун букIана ришни-къулалъул суалалъул халгьаби тIубараблъун букIиналъе, бакIаздеги щун, гьезда хурхарал видеоматериалал хIадур гьареян,амма тIадкъай тIубазабун гьечIо. Гьеб суалалъул хадусеб данделъиялдаги хал гьабизе буго ва дица рехсарал хIисабкьеялъул видеоматериалал хIадур рукIине ккола.*

*Ришни-къул балел бакIал рукIалиде ккезариялъул, гьеб къватIаздагун бакI-бакIазда базе биччангутIиялъул суалазда тIад росабазул бутIрул хIалтIизе ккола. Жидеда тIадал ишал, тIадкъаял гьез ракIбацIцIад тIуралел гьечIони, ришни-къулалда хурхарал гурелги суалал «рагьухъего» хутIизе руго»*, -ян.

Налогазул налъаби рецIиялъул гьениб экономикаялъулгун социалияб рахъал цебетIезабиялъул отделалъул начальник Юсуп Агиевас бицана.

Гьес бицаралда хурхун, районалъул бетIерас абуна: *«ЛъикIаб букIина налогазул налъаби тIад ругел бакIазул, гIуцIабазул жавабиял хIалтIухъабиги гIахьал гьарун, данделъи тIобитIани ва гьеб суал къаялъе тадбиразда тIад цадахъ ургъани»*, -ян.

Налогазул цIикIкIарал налъаби тIад ругел росабазул бутIрул гьес гьел хехго рецIиялъе тадбирал тIоритIиялде ахIана.

Районалъул бетIерасул тIадкъаял тIураялда хурхараб кIалъай гьениб администрациялъул аппараталъе нухмалъулей Марьям-Асият ХIамзатовалъ гьабуна. Гьелъ бицаралда рекъон, бетIерасул тIадкъаял, аслияб къагIидаялда тIуралел ругониги, гьезул хIисабкьеялъул качество цIубараблъун букIунеб гьечIо.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал киналниги суалал рича-чвана ва рекъон кколел хIукмаби гьаруна.

*Гьумер хIадур гьабуна МухIамад-Шарип ГIабдулашимовас*

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гьум. 2 Районалъул цIиявимамгун дандчIвана
гьум. 3 Цоги къватIалъе цIар кьуна
гьум. 4 Объявление

# Районалъул цIияв имамгун дандчIвана

Ахирияб заманалда, улкаялъе нухмалъулездаса байбихьун ва муниципалиял гIуцIабазе нухмалъулезде гIунтIун, гIадатлъун лъугьун буго тIоритIулел батIи-батIиял ишазде гьоркьоре жамгIи-



ял, диниял ва цогидалги цолъаби цIай. Гьедин гьабиялъ рес кьола «бегIерго» цере чIарал суалал бетIералде рахъинаризе ва букIинеселда хурхарал масъалабазул, гIатIид гьабун, хал гьабизе. Гьай-гьай, тIадехун рехсарал цолъабиги гьоркьоре цIан, нилъер районалъе нухмалъулезги хIаракат бахъула социалиялгун экономикиял масъалаби бетIералде рахъинаризе. Гьедин букIиналъе мисаллъун бачине бегьула 14 апрелалда нилъер районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасулги Дилим росдал имам ва районалъул имамзабазул Советалъул цIияв председатель АхIмадрасул Качалаевасулги букIараб дандчIвай.

Гьениб пачалихъияб ва диниял гIуцIабазул цадахъаб хIалтIиялда сверухъ бицен ккана. Гьеб гара-чIвариялда гIолилазда гьоркьор гьарулел ишаздагун терроризмалъул идеологиялде дандечIеялда тIадчIей гьабуна. Районалъул бетIерас гьениб абуна: *«КIвар цIикIкIараб суаллъун мажгитазегун мадрасазе терроризмаялдаса цIуниялъул паспортал хIадур гьари ккола.*

*Мун цеве районалъул имамлъун хIалтIарал соназ нилъеца гIезегIан пайдаяб цадахъаб хIалтIи гьабун букIана. Божи лъола хадусанги нилъеца цадахъаб хIалтIи гьабизе букIиналда»,*-ян.

АхIмадрасулие хIалтIулъ бергьенлъабиги гьарун, ХI. Мусаевас МухIамадрасул МухIамадгъазиевасе цадахъ гьабураб хIалтIухъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна.

***«Салатавия» изданиялдаса босараб***

# «Бищунго лъикIав классалъул нухмалъулев» къецалъул хIасилал

Классалъул нухмалъулесул ишазде кIвар цIикIкIинаби ва тарбия кьеялъул даража борхизаби мурадалда районалъул лъайкьеялъул управлениялъ мугIалимзабазда гьоркьор гIемерал къецал ва цогидалги тадбирал тIоритIула. Гьезул цояблъун букIана *«Бищунго лъикIав классалъул нухмалъулев-2024»*



абураб ва гьаб моцIалъул авалалда тIобитIараб къецги.

Гьениб районалъул школаздаса 10 мугIалимас гIахьаллъи гьабуна. 2 бутIаялдаса гIуцIараб къецалъулъ мугIалимзабаз рихьизаруна жидерго церетIеял ва гьелъие гIоло жидеца пайда босулел къагIидаби. Гьениб къец балез хIаракат бахъана тарбия кьеялъулъ, лъималазул гьира баледухъ, хIалтIиялъул цIиял ва цебегоялдаса рилълъанхъарал къагIидабазул бугеб пайда бихьизабизе.

Якъинго гьеб загьирлъана гьез гIуцIарал ва лъималгун тIоритIарал классалъул сагIтазулъ ва цогидалги тадбиразулъ. Жидеда тIоцебесеб нухалда рихьулел цIалдохъабазул ракIазулъе гьез бигьаго нух бахъана.

Къецалъулал хIалбихьиявздаса хадуб, байбихьул классазул мугIалимзабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Ленинаул росдал №3 абилеб школалдаса Асият Салибиева, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIазде Дилималъул лицеялдаса Асият АхIмадова ва Калинаулалъул байбихьул школалъул мугIалим Ирайсат Дагуева рачIана. ЧIахIиял классазул мугIалимзабазда гьоркьобин абуни, тIоцебесеб бакIалде ячIана Гуниялъул гимназиялдаса Бали Дадаева, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIал Гертмаялдаса Мадина Мутаевалъе ва Дилималъул гимназиялдаса Индира МухIамаевалъе щвана.

Бергьарал ва призалъулал бакIал росарал, мугIалимзабазул профсоюзалъул рахъалдасан, сайигъатаздалъун ва лъайкьеялъул управлениялъул грамотабаздалъун кIодо гьаруна.

Бергьаразе гьеб къецалъул зоналияб этапалдаги жидерго бажариялъул хIалбихьизе рес щвана.

Къецалъул гIахьалчагIазе хадурккунисел ишазулъ битIккей ва бергьенлъаби гьарула.

***Динара Батиева***

# Распоряжение

15. 04. 2024 г. № 181

Дылым

**О закрытии отопительного сезона 2023-2024 годов**

В соответствии с частью 4 статьи 14 Федерального закона от 06.10.2003 №131- ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления Российской Федерации», на основании ст.2 пункта 5 «Правил предоставления коммунальных услуг собственникам и пользователям помещений в многоквартирных домах и жилых домов», утвержденных постановлением Правительства РФ от 6 мая 2011 года № 354 и в связи с установлением положительных среднесуточных температур наружного воздуха и отсутствием долгосрочного прогноза на похолодание, администрация МР «Казбековский район»,

**РАСПОРЯЖАЕТ:**

1. Завершить отопительный осенне-зимний сезон 2023-2024 годов на территории муниципального района «Казбековский район» с 15 апреля 2024 года.
2. Информацию о завершении отопительного сезона довести до сведения населения и учреждений муниципального района.
3. Настоящее распоряжение разместить на официальном сайте администрации, в газете «Чапар» и на портале ГИС ЖКХ.
4. Контроль исполнения настоящего распоряжения возложить на и.о.заместителя главы администрации муниципального района Магомаева Д.Н.

***Глава муниципального района «Казбековский район» Г.Г. Мусаев***

*Ниж-ришватчилъиялде данде*

# Ришватчилъиялде дандекъеркьеялъул комиссиялда…

Инсаниятаlъул тарихалъулъ заман букIун батиларо ришват кьеялъулги гьеб босиялъулги хIужаби рукIинчIеб. Узухъда, гьелъулъ рукIана бутIаби ришватчилъи цIакъ дагьлъараб, амма гьеб тIубанго тIагIиналъул хIакъалъулъ хъвараб яги бицунеб дида рагIинчIо. Гьебгун къеркьеялъулъ кигIан закон къвакIизабуниги, ришват боси гьоркьоб



къотIичIо. ЦIалдолезда лъалеб батила ришватчагIазе Китаялда гьабулеб тамихI, амма гьелъухъ балагьичIого, ришватал росиги цIогьги гьениб кинго тIагIунеб гьечIо.

Балъгояблъун гьечIо гьелда дандечIеялъул тадбирал тIоритIулел рукIаниги, гьез кьолел хIасилал цIакъ пайда дагьаллъун ругеблъи. Щиб гьелдаса бичIчIине бегьулеб?

Дир пикруялда, гьелда дандекъеркьеялъул къагIидаби кьучIдасанго хисизаризеги, пачалихъалъул бутIруздаса байбихьун ва мухъилал гIадамазде гIунтIун, гьебгун тIолалго къеркьезеги ккола. Гьедин гьабулеб гьечIони, ришватчилъи тIагIинабизе кIвелин абуралда щаклъизе бачIуна.

Цоги, нилъер лъида лъалареб ришватчилъи тIибитIиялъе щал гIиллаби ругелали? Хал гьабураб заманалда бичIчIуна гьел гIиллаби рукIиналъул гIайиб нилъедаго тIад хутIулеблъи. Дида лъала, ришватчилъиялда хурхун, ахир гьечIел бахIсал тIоритIизе бегьулеблъиги гьезие ахир букIине гьечIеблъиги.

Дир мурадлъун ккола, рехсаралда хурхун, нилъер районалда тIоритIулел тадбиразул цодагьабгIаги баян цIалдолезухъе щвезаби. ЦIалдолезда лъалеб батила, цогидал бакIаздаго гIадин, нилъер районалдаги ришватчилъиялде дандекъеркьеялъул комиссия гIуцIунги гьелъ, хасаб планалда рекъон, хIалтIи гьабулебги букIин.

Узухъда,гьеб жидеде кколел гIуцIаби гьоркьореги цIан, зама-заманалда гьелъул данделъаби тIоритIула. Дагьал церегIан къояз, районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасул нухмалъиялда, гьеб комиссиялъул иргадулаб данделъи тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана районалъул администрациялъул структураялъулъе кколелгун жамгIиял гIуцIабазе ва СМИязе нухмалъулел.

Араб соналда гьеб комиссиялъ гьабураб хIалтIиялда тIасан кIалъай гьениб гьабуна районалъул бетIерасул кумекчи ГIабдулмутIали ДжабрагIиловас. Гьес гьениб бицана муниципалиял хъулухъчагIазда гьоркьоб социалияб цIех-рех тIобитIиялъул ккарал хIасилазул, гьел комиссиялъул хIалтIуда рази рукIиналъул ва гьедин гьабиялъ жамгIияталъул пикру лъазабиялъе гIатIидал ресал кьолел ругеблъиялъул. Гьединго, гьес данделъаразе бицана ришватчилъиялде дандечIеялъе гIадамазе баян кьеялъе брошюрал, буклетал ва цогидал материалал хIадур гьарун рукIиналъул.

Гьесул кIалъаялда хурхун, районалъул бетIерас комиссиялда тIадкъана, цоги нухалда, бакIазе нухмалъиялъул органазул рагьараб информациялъе къимат кьезелъун, социалияб цIех-рех тIобитIизе, хасаб кIвар кьезе лъайкьеялъул гIуцIабазда законалде данде кколарел «магъалаби» ракIариялде.

Араб соналъ ришватчилъиялде данде районалъул прокуратураялъ гьабураб хIалтIул бачIараб информациялъулгун данделъаразул лъай-хъвай районалъул бетIер ХI. Мусаев гьабуна.

Ришватчилъиялда хурхарал ишал тIатинариялда тIад гьабураб хIалтIул ва гьелда хурхараб информация къватIибе кьеялъул хIакъалъулъ гьениб ОМВДялъул вакиласги бицана.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

*Инсан ва гӀумру*

# Инсул махщалил ирсилав

Районалъул кӀудияб гӀелалъул гӀадамазда лъала араб гӀасруялъул кӀиабилеб бащалъиялда нилъер районалъул гӀадамазе рукӀа-рахъиналъе хъулухъ гьабулеб комбинат (КБО) республикаялда гуребги РСФСРалдаги цӀар рагӀараблъун букӀараблъи.

КБОялъ районалъул гӀадамазе 60-ялдаса цӀикӀкӀарал батӀи-батӀиял хъулухъал гьарулаан. Гьезул цояллъун маххул устарас гьарулел хӀалтӀаби рукӀана. Комбинат гӀуцӀаралдаса гьеб хӀалтӀиялда вукӀана захӀматалъул ветеран, *«ХӀурматалъул гӀаламат»* орденалъул кавалер ва СССРалъул ВДНХялъул гӀахьалчи Идрис Батирханов. 50 -ялдаса цӀикӀкӀараб соналъ гьабуна Идирисица гьеб бигьаяб гуреб хӀалтӀи.

Инсул махщалил ирсилавлъунги вахъун, жакъа гьеб хӀалтӀи гьесул вас Гьаруница гьабулеб буго. Гьарун гьавуна 1973 соналъ Дилим росулъ. Росдал школалда 10 класс лъугӀарав гьев, 1990 соналъ ДОСААФалъул водительзаби хӀадур гьарулел курсазде цӀализе лъугьана.



1991-1993 соназ гьес ралъдал флоталда рагъулаб хъулухъ гьабуна. Гьеница тӀадвуссун хадуб гьев 15 соналъ батӀи-батӀиял бакӀазда хӀалтӀана. Араб гӀасруялъул ахир цӀикӀкӀунисел гӀадамал даран-базаралде гьетӀараблъун букӀана. Гьезда гьоркьов Гьарунги вукӀана. Сонал анагӀан гьесда бичӀчӀана даран-базар гьаби жиндир хӀалтӀи гуреблъи ва Гьаруница 2008 соналъ живго бетӀергьанаб маххул тӀагӀелал гьарулеб цех рагьана, жакъа кьоялде щвезегӀанги гьеб цех хӀалтӀулебги буго.

Дунгун ккараб гара-чӀвариялда Гьаруница бицана: *«ХӀалтӀизе дица байбихьана гьитӀинаб кьоялдаса нахъе. Дун гьирагун балагьулаан инсуца гьабулеб хӀалтӀухъ, ва дица гьесие бажарараб кумекги гьабулаан. Гьелъ батила дир цӀудунго маххул тӀагӀелал гьариялдехун рокьуги бижараб.*

*Ниж, 6-абилеб классалъул цӀалдохъаби, КБОялъул маххул тӀагӀелал гьарулеб мастерскаялде экскурсиялъ рачана. Гьенив хӀалтӀулев дир эмен Идирисги вукӀана. Гьенибго классцоязда цебе дица почол тӀалидоялъул цо кесек хӀадурана. Гьеб дица хӀадурараб тӀоцебесеб маххул тӀагӀел букӀана.*

*Гьедин, цӀудунго эменгун цадахъ хӀалтӀизе ругьунлъиялъ дида цебе букӀинчӀо гӀумруялъе махщел бищиялъул суал. Гьелдаса нахъе гӀемерал сонал ана. Жакъа дуда рихьулел станоказда дица хӀадурула гӀадамазе хӀажатаб маххул батӀи-батӀияб кьайи-цӀа: рогӀрал, вентиляциялъул шахтаби, тӀалидаби, конёкал, тӀохазда, балконазда лъезе маххул «чалал» ва цогидалги гӀадамазе хӀажатал тӀагӀелал»*, -ан.

Маххул тӀагӀелал рукӀуна батӀи-батӀиял формабазул, гьелъ устарасул рукӀине ккола черчение, математика, физика лъаялъул кьучӀал. Гьеб кинабго Гьарунилъ буго.

Гьарунил биценалдаса дида бичӀчӀана гьев киданиги хӀалтӀи гьечӀого хутӀуларевлъи, щай абуни, ахирисял соназ гӀемерал гӀадамаз цӀи рарал рукъзабазда маххул тӀохал лъолел рукӀун. Гьелде тӀадеги, камуларо гӀадамазул цӀадал лъим чвахулел рогӀрал, тӀалидаби ва цогидалги маххул тӀагӀелазе заказалги.

Районалъул росабалъа ва гьеб тун кӀватӀиса рачӀарал мажгитазул заказал тӀураялъе гьабулеб хӀалтӀи Гьаруница чӀобого, ай, киридахъ гьабула. Исламалъул щуабилеб рукну (хӀеж борхи) гьес лъабго нухалда тӀубазабуна, щибаб санайил гьев гӀумраялдеги уна.

Гьаруница, лъади Нуриятгун цадахъ, лъабго вас гӀезавуна. Гьезул гьитӀинав- Батирхан гьес живгогун цадахъ хӀалтӀизе вачун вуго, щиб лъалеб, гьев хадусан Батирхановазул маххул тӀагӀелал гьарулеб наслуялъул ирсилавлъун вахъинеги вегьула.

***Ибрагьим Идрисов***

# Пачалихъалъул кумек щвана

Россиялъул Президент В.В. Путинил Указалда рекъон, 2024-абилеб сон хъизаналъул Сонлъун лъазабун буго. Улкаялъе нухмалъулез лъимал гӀемерал хъизабазул, инвалидазул рукӀа-рахъиналъе шартӀал лъикӀлъизариялде кӀудияб кӀвар кьолеб буго.

8 апрелалда Буртунай росулъа ХӀабиб РурахӀмаевасул лъимал гӀемераб хъизаналъе рукӀа-рахъиналъул шартӀал лъикӀлъизариялъе 5млн. 235 азарго гъурущалъул сертификат кьуна.



Гьеб кьезе республикаялъул бакӀал раялъулгун архитектураялъул ва ЖКХялъул министрасул ишал тӀуралев Салам ХӀасайниев вачӀун вукӀана.

Гьеб тадбиралда районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель Жанбулат МухӀамаев, гьелъулго отделалъул начальник ХӀамзат ХӀадаев ва Буртунай росдал бетӀер Къурбан Хъарамирзаев гӀахьаллъана.

Жиндирго кӀалъаялда С. ХӀасайниевас абуна: *«ХӀабибил ихтияр буго 15 моцӀалъул болжалалда республикаялъул бокьараб бакӀалдаса рукъ бичун босизе»*,-ян. Гьес ХӀабибиегун гьесул хъизаналъе щулияб сахлъиги хъизаналъулаб тахихӀги гьарана.

ХӀ. РурахӀмаев цеве *«Хасаевасул ва Къусумовасул»* СПКялда агрономлъун хӀалтӀулев вукӀана. ЗахӀматаб автоавариялъул хӀасилалда гьев тӀоцебесеб группаялъул инвалидлъун лъугьана.

ХӀабибица, гьабураб кумекалъухъ, республикаялъе ва районалъе нухмалъулезе баркала загьир гьабуна.

***«Салатавия» изданиялдаса босараб***

# Мадугьал лъикӀав вугони...

Тарих бокьулезда лъала инсанияталъул гӀумрудул хӀакъалъулъ гӀемерал абиял , кицаби, таватурал (легендаби), биценал ва хабарал рукӀин. Руго гьел мадугьалзабазул хӀакъалъулъги.

Узухъда, нилъеда гьоркьорги гьел камун гьечӀо. Лъида лъаларел *«РикӀкӀад вугев вацасдаса аскӀов вугев мадугьалго лъикӀ»*-ан умумузул аби,ялъуни рукъ бичулес букӀунареб багьа гьелда абидал, мина босулесда бетӀергьанчияс абураб *«Дидаги лъала багьа цӀикӀкӀараб букӀин, амма гьеб дуе лъикӀав мадугьал толев вукӀиналъул хӀасиллъун ккола»*-ян нилъер гӀадамазда гьоркьор ругел биценал?

Гьанже заман бачӀана, ингилисаз абухъего, *«Дир рукъ-дир хъала»* -ян абулеб ва мадугьалихъ ругел цоцазда лъалареб. Аллагьасде шукру гьеб нилъер росабалъе жеги щун гьечӀеб.

ЦӀалдолезда тӀадехун рехсараб ракӀалде щвезабиги гьеб лъазабиги дир мурадлъун кколаро, дие бокьун буго, тӀадехун рехсаралго гӀадинал мадугьалзаби дирги рукӀин бихьизабизе.

Дица яшав гьабун буго Дилим росдал ХӀажибегил цӀаралда бугеб къватӀалъул 15-абилеб рукъалъул азбаралда. Дир киналго мадугьалзаби руго цӀакъ лъикӀал гӀадамал. Щиб хӀажалъи ккун асӀкӀове аниги, гьез дун киданиги нахъги чӀвачӀо, бокьараб кумек гьабизеги гьел хӀадур рукӀуна, дун гьездаса чӀухӀараврги вуго.

Дагьал церегӀан кьояз дир мадугьал МахӀмуд Абулаевас дихъе ахӀун бачӀана дур махх ккураб тӀохде бортараб токил кваралъ цӀадул пирхиял гьарулел ругин ва гьездалъун тӀохалда цӀа ккеялда хӀинкъи бугин. Гьелъул хал гьабидал, дида бичӀчӀана, специалистазул кумек гьечӀого, гьениб щибниги гьабизе бегьулареблъи, ва дица электросеталъул хъулухъалда бугеб ахӀвал-хӀал лъазабуна.

Гьеб сордоялъ гьелъул специалистал гьенире рачӀинчӀо. Хадусеб кьоялъул рогьалилъ дир цогидав мадугьаллъун кколев Нурпаша Абакаровас, нуцӀаги бухун, дун тӀаде вахъине гьавуна, ва дур тӀохда цӀа реклун бугилан абуна.

ГьебсагӀат дица токилги цӀаккеялдаса цӀуниялъулги хъулухъазде ахӀана. ЦӀаккеялдаса цӀуниялъул хӀалтӀухъаби хехго тӀаде щвана, ва, токил бачӀинги чӀезабун, гьез цӀа свинабуна.

Радалго тӀаде вахъарав Нурпашада лъугьунеб бихьичӀебани, гьениб кинаб хӀасил ккезе букӀарабали цого Аллагьасда лъала. Кьокъгьабун, гьесул радалго тӀаде вахъине бугеб бажариялъ, цӀикӀкӀараб зарал ккезе биччачӀого, дир тӀохда рекӀараб цӀа заманалда ва цогидал рукъзабазде бахине биччачӀого, свинабизе кӀвана.

Бокьун буго, *«Чапар»* газета гьоркьобккун, МахӀмудие, Нурпашае ва цӀаккеялдаса цӀуниялъул хъулухъалъул хӀалтӀухъабазе ракӀ-ракӀалъулаб баркала загьир гьабизе. Гьаризе гьел киназего щулияб сахлъи, халатаб гӀумру, рохел, хъизаналъулаб талихӀ ва гьарулел ишазулъ даимаб битӀккей. Гьелдаго цадахъ, дие киналго районцоязе гьаризе бокьун буго диего гӀадинал мадугьалзаби БетӀергьанас нужееги кьейилан.

***Мухтар Гереев, Дилим росу***

# Цоги къватӀалъе цӀар кьуна

Нилъер районалда гӀадатлъун лъугьун буго, Украиналда тӀобитӀулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ бахӀарчилъиги бихьизабун, гӀумруялдаса ратӀалъаразул цӀарал бакӀ-бакӀазе кьей.

Гьединал тадбиразул цояблъун букӀана дагьал церегӀан кьояз Гертма росдал цо къватӀалъе тӀадехун рехсараб операциялда гӀумруялдаса ватӀалъарав ва *«БахӀарчилъиялъул»* орденалъе мустахӀикълъарав МухӀамад Пирбудагъовасул цӀар кьеялъул тадбирги.




Гьенир гӀахьаллъана жамгӀияб хӀинкъигьечӀолъи чӀезабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель Басир Нуцалов, росдал бетӀер Юсуп Байирханов, динияв церехъаби, мугӀалимзаби, цӀалдохъаби, бахӀарчиясул цебесеб гӀагарлъи, гьудул-гьалмагъзаби ва классцоял.

Гьениб Басир Нуцаловас абуна: *«МухӀамад Пирбудагъовасул ва Салатавиялъул гьединалго васазул бахӀарчиял ишал кидаго кӀочене гьечӀо. Жакъа нилъеца гьел чӀухӀигун ракӀалде щвезарулелги гьезда цере бутӀрул къулулелги руго. МухӀамадил эбел-инсуе, мустахӀикъаб тарбияги кьун, гьединав вас гӀезавуралъухъ баркала буго»*, -ян.

Гьединалго кӀалъаял гьенир Ю. Байирхановасги росдал имамасул заместитель Нурсамад Мажидовасги гьаруна. Гьез данделъиялъул гӀахьалчагӀазе бицана, МухӀамадица, гьитӀинаб кьоялдаса байбихьун, жамгӀиял хӀажалъабаздаса жиндиралго тӀадегӀан гьарулареп рукӀараблъиялъул, гӀагараб ракьалде, ВатӀаналде гьесул хӀасратаб рокьи букӀараблъиялъул,ритӀухълъи, яхӀ-намус, гӀаданлъи цӀунун гьев хьвадулев вукӀараблъиялъул ва гьесул рекӀелъ хӀинкъи букӀинчӀеблъиялъул.

Данделъиялъул ахиралда бахӀарчиясул эбел ПатӀимат Пирбудагъовалъ тадбир гӀуцӀарал ва гьенир гӀахьаллъарал киназего баркала загьир гьабуна.

***Ибрагьим Идрисов***

# Объявление

## О ПРОВЕДЕНИИ КОНКУРСА НА ЗАМЕЩЕНИЕ ВАКАНТНОЙ ДОЛЖНОСТИ МУНИЦИПАЛЬНОЙ СЛУЖБЫ.

Администрация муниципального района *«Казбековский район»* объявляет конкурс на замещение вакантной должности муниципальной службы:

| № | Наименование должности | Наименование структурного подразделения | Место прохождения муниципальной службы | Квалификационные требования |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Заместитель главы администрации | Администрация муниципального района «Казбековский район» | Казбековский район, село Дылым, улица Имама Шамиля 43 | **Образование-Высшее** профессиональное образование **Стаж**-не менее четырех лет стажа муниципальной службы **Навыки**-владение компьютерам программами Word, Excel, информационно-поисковыми системами *«Консультант»*, *«Гарант»*, *«Кодекс»*), умение работать с сетью Интернет, электронной почтой навыки подготовки внутренних и исходящих документов, и.т.д. |

**1. Условии проведения конкурса**

В конкурсе вправе участвовать граждане Российской Федерации, достигшие возраста 18 лет, владеющие государственным языком Российской Федерации и соответствующие установленым квалификационным требованиям.

Граждани не может быть принят на муниципальную службу в соответствии с отраничеиииями. установленными статьей 16 Федерального закона от 02.03.2007 № 25-ФЗ *«О муниципальной службе в Российской Федерации»*, при отсутствии обстоятельств, указанных в ст. 1.3 настоящего Федерального закона, в качестве ограничений, связанных с муниципальной службой.

Прием документов осуществляется по адресу: 368140, Республики Дагестан. Казбековского района, с. Дылым, ул. Имама Шамиля 43, Администрация муниципального района *«Казбековский район»*, кабинет №19, 1 этаж.

Нуцадов Гаджимурад Басирович - главный специалист юридического отдела тел. 7(989) 483 96 76.

Для начала приема документов для участия в конкурсе *«15»* апреля 2024 г., дата окончания-*«13»* мая 2024 г.

Документы принимаются ежедневно с 9:00 до 15:00. обед с 12:00 до 13:00 кроме выходных (суббота и воскресенье) и нерабочих праздничных дней.

Конкурс на замещение вакантной должности муниципальной службы проводится в 2 этапа:

Первый этап заключается в проверке комплектности и правильности оформления документов, представленных претендентом на соответствий вакантной должности.

На втором этапе конкурса проводится конкурсное испытание.

**2. Перечень необходимых документов:**

-заявление с просьбой о поступлении на муниципальную службу замещении должности муниципальной службы;

- собственноручно заполненная и подписанная анкет по форме, утвержденной распоряжением Правительства РФ от 26.05.2005 № 667-р

- копия паспорта;

-заверенная копия трудовой книжки, за исключением случаев, когда трудовой договор (контракт) заключается впервые;

-копии документов о профессиональном образовании, а также по желанию гражданина - о дополнительном профессиональном образовании, о присвоении ученой степени, ученого звания, заверенные нотариально или кадровыми: службами по месту работы;

- страховое свидетельство обязательного пенсионного страхования-свидетельство о постановке физического лица на учет в налоговом органе по месту жительства на территории Российской Федерации;

-документы воинского учета - для граждан, пребывающих в запасе, и лиц подлежащих призыву на военную службу;

- заключение медицинской организации об отсутствии заболевания препятствующего поступлению на муниципальную службу;

-сведения о доходах за год, предшествующий году поступления на муниципальную службу, об имуществе и обязательствах имущественное характера по установленным формам;

-справка о наличии (отсутствии) судимости и (или) факта уголовного преследования, либо о прекращении уголовного преследования по реабилитирующим основаниям;

-иные документы, предусмотренные федеральными законами, указами Президента Российской Федерации и постановлениями Правительства Российской Федерации.

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# МугIалимзабазул Х-абилеб спартакиадаялда…

Районалъул гIумруялъул хIакъикъат лъазабиялъе гьанже гIатIидал ресал рукIин нилъеда лъала. Гьединго, нилъ нугIзаялъун руго улкаялда, республикаялда ва районалда лъазарурал батIи-батIиял тадбиразда нилъер гIуцIабазгун гIадамаз жигараб гIахьаллъи гьабулеб букIиналъе.

Ахирияб заманалда нилъер районалда гIемерал тадбирал тIоритIулел руго СВОялда гIахьаллъулезул, гьенир гIумруялдаса ратIалъаразул цIаралдаги. Гьеб киналъулго хIакъалъулъ районалъул СМИяз гIатIидаб баянги кьолеб буго.

Гьединал тадбиразул цояблъун букIанин абизе бегьула 14 апрелалда Ленинаул росдал №3 школалда тIобитIараб тадбирги. Районалъул мугIалимзабазда гьоркьоб 10-абилеб нухалда тIобитIараб спартакиада лъайкьеялъул управлениялъулги мугIалимзабазул профсоюзалъулги хIаракаталдалъун гIуцIун букIана.



СВОялда гIахьаллъулел нилъер гIолохъабазул цIаралда тIобитIараб гьеб тадбиралда районалъул 12 школалдаса мугIалимзаби гIахьаллъана. Гьеб тадбир рагьиялъул кIалъаялда мугIалимзабазул профсоюзалъул комитеталъул председатель МухIамадапанди Дадаевас абуна: «*Гьаб жакъа нилъеца тIобитIулеб тадбир ккола хасаблъун, щай абуни, гьеб хурхараб буго СВОялда гIахьаллъулел гIолохъабазул хIурмат гьабиялдагун гьел кIодо гьариялда. Гьединал тадбираз нилъер гIолохъабазда жал кIочон гьечIеблъиги нилъеца жидер рахъ кколеб букIинги бихьизабизе рес кьола*», -ян.

Районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель И.И. Шабазовас жиндирго кIалъаялда гьениб абуна: «*Гьадинал тадбираз, спорталъул къецаз цIалдохъабазда бичIчIинабула спорталъул бугеб пайда. Гьез цIалдохъаби жидерго мурадалде цвезе хIаракат бахъулеллъун лъугьиналъеги квербакъула*»,-ян.

Лъайкьеялъул управлениялъул начальник МухIамадрасул МухIамаевас дандельаразул кIвар буссинабуна мугIалимзабазул спартакиада кIудияб байрамлъун кколеб букIиналдеги гьелъ мугIалимзабазул коллективал цолъизарулел рукIиналдеги.

КIалъаяздаса хадуб гьенир спорталъул батIи-батIиял тайпабазул къецал тIоритIана. Волейбол ва теннис хIаялъул руччабазул къецал №1 школалда тIоритIана. МугIалимзабазул 250 чи гьел къецазда гIахьаллъиялъ бихьизабулеб букIана гьезде кигIанаб кIвар кьун бугебали. Гьел къецазда СВОялъул гIахьалчагIиги рукIана.

ХIалуцарал къецаздаса хадуб, тIоцебесеб бакIалде бачIана Дилим росдал гимназиялъул мугIалимзабазул команда, кIиабилебгун лъабабилеб бакIазде рачIана Дилималъул лицеялъулги Буртунай росдал гьоркьохъеб школалъулги командаби.

Призалъулал бакIал росарал командаби гьенир кубоказдалъунги, медалаздалъунги, грамотабаздалъунги, къиматал сайгъатаздалъунги кIодо гьаруна.

Спартакиада къаялъул кIалъаялда МухIамадрасул МухIамаевас гьеб гIуцIараздеги гьенир гIахьаллъаразеги ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна.

Хасаб кIалъай гьес СВОялъул гIахьалчагIаздехунги гьабуна. МухIамадрасулица абуна: «*РакI-ракIалъулаб баркала буго нужее нилъер ВатIан, ракь ва гIадамал цIуниялъухъ. Нижер мурад буго нуж, бергьенлъиги босун ва сах-саламатго, тIадруссин*», -ан.

РакIалде ккола гьел къецал кIочен гьечIеллъун лъугьиналъе кинабго гьабун бугоанин.

***Сайгибат Гереханова, РУОялъул начальникасул заместитель***

# ГТОялъул фестивалалда…

13-14 апрелалда МахIачхъала шагьаралда РДялъул захIматалъул коллективазда гьоркьоб ГТОялъул фестиваль тIобитIана. Гьениб нилъер районалдаса командаги гIахьаллъана.

Физкультураялъул, массовияб спорталъул къимат борхизаби мурадалда тIобитIараб гьеб тадбир 4 бутIаялдасан (чIаралъусан кIанцIи, чIарбидаги рехун ва кверазул кумекалдалъун, къаркъалаби тIаде рорхигун гIодоре риччай, мугъзадаги регун, къаркъала тIаде борхи ва турникалда квераздалъун къаркъала тIаде цIай) гIуцIун букIана.

*«Спорт-гIумрудул норма»* федералияб проект бетIералде бахъинабиялда хурхун тIобитIараб гьеб фестиваль республикаялъул физкультураялъулгун спорталъул министерствоялъги ГТОялъул тестированиялъул Централъги тIобитIана.

***Насрула Алиукъаев***

**БетIерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94 **Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, **Набор:** М.М. ХIайбаева **Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI ХIасанова **Фотокорреспондент:** М.ХI.ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**

Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.** Графикалда рекъон, печаталде кьолеб заман 16.00 ХIакъикъаталда печаталде къураб заман 14.30

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, **Индекс:** 51354 Тираж-1461, багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**